

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

8510 - RÈG SOU BYENNÈT AK EDIKASYON FIZIK

I. Entwodiksyon

An Novanm 2005, Pou mete aplikasyon “2004 Child Nutrition and WIC Reauthorization Act” (Lwa sou Nitrisyon pou Timoun ak Re-otorizasyon Pwogram WIC 2004 la), Distri a, te resevwa otorizasyon pou devlope yon Règleman Byennèt. Nan dat 10 me 2006, Konsèy Lekòl la, te adopte Règleman Byennèt la pou Distri a. “*Healthy, Hunger-Free Kids Act of 2010*” (Lwa 2010 sou Timoun Ki An Sante E Ki Pa Nan Grangou) egzije pou Komite Konsiltatif Byennèt Distri a toujou revize Règleman Byennèt Distri a, epi si sa nesèsè, revize li chak ane. Objektif règleman an se pou ankouraje byennèt epi adrese pwoblèm sante aktyèl elèv ak anplwaye nou yo.

Daprè Lwa Florid 1003.453, y ap soumèt règleman sa elektwonikman bay Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid ak Depatman Edikasyon Florid nan ka yo fè chanjman oubyen revizyon.

II. Preyanbil

Distri a angaje l pou l ofri yon bon anviwònman pou elèv yo ak anplwaye yo; y ap ankouraje sante fizik, emosyonèl ak mantal elèv yo ak anplwaye yo andedan tankou deyò lekòl la. Distri a rekonèt sante fizik, mantal ak sosyal esansyèl pou byennèt ak reyisit akademik.

Distri a pral konsantre sou reyalize senk (5) objektif:

- A. Nitrisyon – Tout elèv ak anplwaye yo pral gen aksè ak manje rich an vitamin yo sèvi nan kafeterya lekòl ak Distri nan rejyon an epi ankouraje yo pou yo manje manje sa yo.
- B. Edikasyon Fizik – Y ap ankouraje tout elèv yo pou yo patisipe nan nivo edikasyon fizik yo rekòmande yo.
- C. Aktivite Fizik – Y ap ankouraje tout elèv ak anplwaye yo pou yo angaje nan aktivite fizik chak jou dapre direktiv nasyonal yo.
- D. Edikasyon nan Domèn Sante – Y ap ankouraje tout elèv ak anplwaye yo pou yo devlope bonjan abitud fizik, nitrisyonèl ak mantal nan vi yo.
- E. Swen Sante Prevantif – Y ap ankouraje tout elèv ak anplwaye pou patisipe nan swen sante prevantif.

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

III. Nitrisyon

Règleman Distri a: Distri a ap mete bonjan manje nourisan disponib sou kanpous la pandan jounen lekòl la pou ankouraje sante elèv ak anplwaye yo.

- A. Depatman Manje ak Nitrisyon an ap sèvi manje sa yo: manje ki se yon bon sous pou fib, san ajoute grès, fèb nan grès ajoute, sik, ak sodyòm, ki respekte divèsite kiltirèl, epi sèvi pòsyon apwopriye ki konsistan avèk estanda “United States Department of Agriculture” (Depatman Agrikilti Etazini). Pòsyon repa yo ap gen manje ki baze sou plant ak yon chwa vejetaryen chak jou.
- B. Tout manje ki vann sou kanpous la apati yon (1) èdtan anvan jounen lekòl la kòmanse epi jiska yon (1) èdtan apre dènye klas jounen an fini dwe satisfè “*Rule on Food and Beverages Sold on Campus and in Vending Machines District-Wide*” (*Règleman sou Manje ak Bwason ki vann sou Kanpous la ak nan Machin distribitè otomatik Distri a*). (Apendis A)
- C. Depatman Manje ak Nitrisyon an ap chèche fè patenarya ak fèm lokal ak rejyonal yo pou fasilite yon pwogram “Farm-to-School” (Fèm nan Lekòl yo).
- D. Repa yo sèvi nan pwogram repa gouvènman federal la ranbouse dwe gen ladan fwi ak legim fre ki soti nan sous lokal yo otank posib.
- E. Distri a ap ankouraje paran ak pwofesè yo pou yo fè selebrasyon ki bon pou sante nan lekòl la. Ou ka jwenn ide ak sijesyon sou sit entènèt: <http://nutrition.dadeschools.net>. Lè yo voye yon lis lakay pou mande w pou fè kado pou yon selebrasyon, li dwe gen ladan dlo ak omwen yon opsyon manje ki bon pou lasante.
- F. Aktivite pou ranmase lajan ki fèt sou kanpous la, kòmanse yon (1) èdtan anvan jounen lekòl la kòmanse rive (1) èdtan apre dènye klas jounen an fini, dwe konfòme yo avèk *Règ sou Manje ak Bwason ki Vann sou Kanpous la ak nan Machin Otomatik Distri a*. Distri a ap ede paran ak anplwaye yo planifye aktivite pou ranmase lajan ak sijesyon ki disponib sou <http://nutrition.dadeschools.net>.
- G. Distri a ap enkòpore opsyon pwoteyin ki baze sou plant ki balanse nitrisyon, gou, ak pri.

IV. Edikasyon Fizik

Règleman Distri a: Distri a ap pwopoze yon seri pwogram edikasyon fizik baze sou bon jan rechèch pou pèmèt elèv yo devlope abidite ki kenbe yo an sante e ki va favorize devlopman kadyovaskilè, fleksibilite, kowòdinasyon, balans ak fòs.

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

- A. Edikasyon Fizik Elemantè, klas Jadendanfan rive 1ye Ane: 150 minit chak semèn; edikasyon fizik obligatwa sou direksyon pwofesè prensipal la.
 - B. Edikasyon Fizik Elemantè, 2èm ane rive 5èm ane: 150 minit edikasyon fizik obligatwa chak semèn ak yon anseyan edikasyon fizik.
 - C. Edikasyon Fizik Lekòl Mwayen, 6èm Ane – 8èm Ane: Edikasyon Fizik nan Lekòl Mwayen, klas 6èm - 8èm ane: Omwen yon (1) semès edikasyon fizik obligatwa chak ane pou tout elèv yo, sof si yo soumèt yon pèmasyon lè y ap chwazi sijè a chak ane. Y ap ankouraje elèv yo pou yo pran edikasyon fizik pandan tout ane a pou yo ka devlope epi kenbe maksimòm benefis pou sante yo. Elèv ki enskri nan kou a dwe resevwa omwen yon (1) fòmasyon debaz nan premye swen, ki gen ladan (Cardiopulmonary Resuscitation (CPR)) (Reanimasyon oubyen Masaj Kadyopilmonè). Fòmasyon an dwe pèmèt elèv yo pratike konpetans psikomotè ki asosye ak reanimasyon kadyak (CPR) la epi li dwe gen ladan itilizasyon yon “Automated External Defibrillator (AED)” (Defibrilatè Kadyak).
 - D. Edikasyon Fizik pou Elèv Nan Klas 9èm rive 12èm Ane: Yo mande omwen youn (1) kredi edikasyon fizik nan lekòl segondè. Youn (1) semès dwe gen ladan li “Personal Fitness” (Kondisyon Fizik Pèsonèl), epi lòt semès la ka nenpòt kou edikasyon fizik Distri a ofri ki gen kòd kou Eta a apwouve. Elèv ki enskri nan kou a dwe resevwa omwen yon (1) fòmasyon debaz nan premye swen, ki gen ladan (Cardiopulmonary Resuscitation (CPR)) (Reanimasyon oubyen Masaj Kadyak). Fòmasyon an dwe pèmèt elèv yo pratike konpetans psikomotè ki asosye ak masaj kadyak (CPR) la epi li dwe gen ladan itilizasyon yon “Automated External Defibrillator (AED)” (Defibrilatè Kadyak).
- Si yo ajoute plis peryòd nan sis (6) peryòd ki egziste deja nan jounen lekòl segondè yo, kondisyon edikasyon fizik yo ka ogmante.
- E. Se yon espesyalis edikasyon fizik ki sètifye k ap anseye kou edikasyon fizik la epi li pral jwe yon wòl enpòtan nan pwogram ansèyman chak lekòl, selon kapasite diferan elèv yo. Pwogram nan ap mete aksan sou enpòtans kondisyon fizik, yon mòd vi ki an sante, epi sou respè ak ekite pou tout elèv.
 - F. Li obligatwa pou anseye edikasyon sou nitrisyon kòm yon pati nan edikasyon fizik pou klas Jadendanfan rive 12èm ane.
 - G. Ladrès edikasyon fizik ki nesesè pou amelyore sante ap gen ladan:
 - 1. konpreyansyon sou konsèp ki gen rapò ak pwomosyon sante, prevansyon maladi, ak amelyore risk pou sante;
 - 2. kapasite pou jwenn enfòmasyon ki valab sou sante;

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

3. ladrès kominikasyon entèpèsònèl ki efikas;
4. mete objektif epi pran bon desizyon;
5. rediksyon estrès;
6. ladrès pou defann bezwen pou sante pèsònèl, fanmi ak kominote a; epi
7. ansèyman ap gen ladan ladrès sikomotè ki itilize nan fòmasyon 'CPR/AED' pratik (pou lekòl segondè ak mwayen sèlman).

V. Edikasyon Fizik

Règleman Distri a: N ap ankouraje tout elèv ak anplwaye pou patisipe nan nivo aktivite fizik ki rekòmande nasyonalman, pou omwen swasant (60) minit pa jou, epi pou limite itilizasyon aparèy elektwonik ki pa gen rapò ak ansèyman a pou de (2) èdtan pa jou.

- A. Lwa Florid 1003.455 presize elèv ki nan klas matènèl jiska 5èm ane dwe gen rekreyasyon pandan senk (5) fwa pa semèn pou yon dire ven (20) minit konsekitif pandan chak sesyon.
- B. Règleman ak pratik lekòl la pa pèmèt pou yo retire aktivite fizik ak rekreyasyon kòm pinisyon pou elèv yo.
- C. N ap enfòme elèv yo sou opòtinite pou patisipe nan aktivite fizik atravè pwogram apre lekòl ak pwogram andedan lekòl la.
- D. N ap enfòme elèv yo "U.S. Centers for Disease Control and Prevention" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande pa plis pase de (2) èdtan pa jou pou itilizasyon aparèy elektwonik ki pa gen rapò ak ansèyman.
- E. N ap ankouraje anplwaye yo pou patisipe nan omwen trant (30) minit aktivite fizik chak jou. Sa ap gen ladan yon konbinezon aktivite kadyorespiratwa, fleksibilite, ak fòs ak andirans nan misk.
- F. N ap enfòme anplwaye yo sou opòtinite pou patisipe nan aktivite fizik nan pwogram apre lekòl ak evènman kominotè yo.

VI. Enfòmasyon sou Sante

Règleman Distri a: Nou ap ankouraje tout elèv ak anplwaye pou yo chèche enfòmasyon konsènan prensip nitrisyon yo ansanm ak lòt konpetans ki pwouve yo esansyèl pou ede nou pran desizyon ki ap amelyore sante nou.

- A. "Health literacy" (Enfòmasyon sou sante) se kapasite ou genyen pou w resevwa, konprann e itilize enfòmasyon sou sante yon fason pou w ka pran desizyon ki

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

apwopriye pou sante w. Nou pral entegre enfòmasyon sou sante nan enstriksyon n ap bay nan salklas yo lè li apwopriye, e sa ap gen ladan: konsèp jeneral sou konpòtman ki kapab amelyore sante, rediksyon faktè risk yo pou fè prevansyon kont maladi kwonik ki gen rapò ak fason nou viv, prevansyon kont arasman ak vyolans, pwoteksyon pèsònèl, idantifikasyon ak jesyon estrès.

- B. Edikasyon sou Nitrisyon ap gen ladan leson ak opòtinite aprantisaj eksperimantal, tankou jaden potaje, ki amelyore sante e ki konsidere:
 - 1. Konsantrasyon sou enpòtans pou etabli objektif ak estrateji ki pèmèt ou pran desizyon pozitif ki kapab amelyore sante tankou sa ki gen rapò ak manje n ap manje ansanm ak enèji n ap depanse;
 - 2. Analize enfluyans kilti, medya ak lòt faktè sou manje n ap chwazi ansanm ak preferans nou nan pratik pèsònèl nou nan kesyon sante, ki gen ladan metòd preparasyon manje ki anrichi e adrese defi nou fè fas nan fason nou viv; ak
 - 3. Devlopman ansanm ak swen jaden potaje yo.
- C. Elèv yo ap aprann fason pou yo fè diferans ant mesaj piblisite ak bonjan enfòmasyon sou sante.
- D. Resous enfòmasyon sou sante yo ap disponib pou anplwaye, e yo pral konsantre sou konsèp ki gen rapò ak konpòtman ki ranfòse sante nou, rediksyon faktè risk yo pou fè prevansyon kont maladi, pwoteksyon pèsònèl, ak jesyon estrès.
- E. Nou pral mete disponib pou anplwaye yo resous sou nitrisyon ki gen ladan opòtinite aprantisaj ki kapab ranfòse sante.
- F. Nou pral pwomote chwa manje ki nourisan ak manje ki fre nan etablisman lekòl yo, lè nou mete disponib bonjan enfòmasyon sou nitrisyon e pi pre posib kote elèv yo ap gen pou yo fè chwa manje yo.

VII. Swen Sante Prevantif

Règleman Distri a: Nou ap ankouraje tout elèv ak anplwaye distri a pou yo patisipe nan swen sante prevantif ki adrese byennèt fizik, mantal, sosyal, ak emosyonèl.

- A. Atravè '*HealthConnect in our Schools*', n ap ofri yon ekip sante ki baze nan lekòl la pou bay elèv yon varyete swen sante ki byen kowòdone, e ki toujou disponib nan Distri lekòl nou seleksyone, tankou, men ki pa limite ak:
 - 1. swen sante ki kowòdone pwofesyonèlman e ki baze nan lekòl la;

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

2. elaji depistaj ak evalyasyon avèk aksè pou suivi medikal;
3. sèvis swen sante mantal ak sikolojik pou idantifye e trete pwoblèm sante ak pwoblèm edikasyonèl elèv yo;
4. amelyore aksè regilye ak yon doktè pou swen medikal;
5. ede elèv ki pa gen asirans yo jwenn aksè ak swen medikal;
6. jesyon maladi kwonik; ak
7. ofri klas edikasyon sou sante ki espesifik pou lekòl la.

B. Depatman Sante Florid, atravè *Pwogram Sante Lekòl* ki nan Lekòl Leta Miami-Dade County pral ofri sèvis sante pou elèv ann akò avèk lwa, règleman, regilasyon, ak Plan Sèvis Sante nan Lekòl yo.

Pami sèvis swen sante nou pral ofri nan lekòl yo genyen, men yo pa limite ak:

1. evalyasyon sante;
2. revizyon dosye;
3. evalyasyon pou enfimye yo;
4. evalyasyon pwogram nitrisyon;
5. rekòmandasyon ak/oubyen suivi pou depistaj: vizyon, pwoblèm nan zorèy, defòmasyon nan do, kwasans ak devlopman, ki gen ladan "Body Mass Index (BMI)" (Endèks Mas Kòporèl);
6. konsèy sou swen sante sikolojik/mantal;
7. rekòmandasyon ak/oubyen suivi pou pwoblèm sante nou sispèk oubyen ki konfime;
8. bezwen swen sante ann ijans;
9. rekòmandasyon pou elèv al pran tretman sante ki apwopriye;
10. rankont avèk paran oubyen gadyen elèv la konsènan bezwen pou medsen fanmi an, dantis, oubyen yon lòt espesyalis pote atansyon sou sante elèv la lè gen yon dyagnostik oubyen yon tretman definitiv ki rekòmande pou li;

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

11. konsèvasyon dosye sou ensidan pwoblèm sante, mezi koreksyon ki te adopte, ak nenpòt lòt enfòmasyon kapab nesèsè pou planifye e evalye pwogram sante yo;
12. enfòmasyon sante konsènan plasman elèv la nan pwogram eksepsyonèl pou elèv ansanm ak re-evalyasyon entèval peryodik kote yo te plase elèv la nan pwogram sa yo;
13. klas edikasyon sou yon varyete sijè ki gen rapò ak sante; ak
14. asirans ak amelyorasyon nan kalite medikaman y ap bay elèv la.

- C. Founisè swen sante a dwe ofri resous pou byennèt ki pral adrese byennèt fizik, mantal, sosyal, ak emosyonèl pou sipòte anplwaye e ankouraje abitud ki favorize sante.

VIII. Siveyans ak Evalyasyon

Komite Konsiltatif Byennèt Distri Sipèentandan an responsab pou revize ak siveye Règ Byennèt Distri yo ann akòdans ak objektif, règleman ak pwogram Distri yo pou amelyore sante ak byennèt tout elèv ak anplwaye yo.

Yo mande pou andwa lekòl yo reyini Komite Byennèt Lekòl yo pou aplike règleman sa yo ak aktivite ki gen rapò ak yo. Lekòl yo ap ranpli Endèks Sante Lekòl la chak ane.

Yo ap revize objektif yo, ak direktiv Règ Byennèt Distri a chak ane. Rekòmandasyon Komite Konsiltatif Byennèt la bay Sipèentandan an ap adrese bagay sa yo: kondisyon k ap chanje; nouvo teknik ak estrateji ki bay bon rezilta; nouvo objektif, si sa nesèsè; ak direktiv ki reflekte konsepsyon syantifik ki ap fè aparisyon yo ki enpòtan pou sante elèv ak anplwaye yo.

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

APANDIS A

Règ sou Manje ak Bwason ki ap Vann sou Kanpous la ak nan Machin Atravè Tout Distri a

Distri a angaje pou bay yon anviwònman kote tout elèv ak anplwaye yo ka fè chwa manje ki bon pou sante pou tout lavi. Kidonk, Règ sa a sou Manje ak Bwason ki Vann sou Kanpous la ak nan Machin Distri yo atravè Distri a pral aplike pou tout andwa yo, pou **tout** vant manje kòmanse yon (1) èdtan anvan jounen lekòl la kòmanse epi fini jiska yon (1) èdtan apre dènye klas jounen an fini. Règ sa a dwe aplikab pou tout manje ak bwason ki vann nan machin distri yo vennkat (24) èdtan pa jou.

A. Bwason Tout bwason yo dwe pa gen gaz epi yo pa dwe ajoute kafeyin ladan yo.

1. Lekòl Elemantè

a. Dlo nòmal.

b. Jiska uit (8) ons pòsyon lèt ak ji 100%.

1. Lèt regilye san grès ak mwens grès oubyen ki awomatize ak lèt ki gen nitrisyon ekivalan (dapre USDA) lèt altènatif ak jiska 150 kalori/uit (8) ons.
2. Ji 100% san ajoute sik, jiska 120 kalori/uit (8) ons, epi ak omwen dis pousan (10%) nan valè yo rekòmande chak jou twa (3) oubyen plis vitamin ak mineral.

2. Lekòl Mwayen

Menm jan ak lekòl elemantè, se sèlman ji ak lèt yo ka vann nan pòsyon douz (12) ons.

3. Lekòl Segondè:

a. Dlo nòmal.

b. Bwason san kalori oubyen ki gen ti kantite kalori ak jiska dis (10) kalori/uit (8) ons.

c. Jiska douz (12) pòsyon lèt, ji 100% ak sèten lòt bwason.

1. Lèt regilye san grès ak mwens grès oubyen ki awomatize ak lèt ki gen nitrisyon ekivalan (dapre USDA) lèt altènatif ak jiska 150 kalori/uit (8) ons.
2. Ji 100% san ajoute sik, jiska 120 kalori/uit (8) ons, epi ak omwen dis pousan (10%) nan valè yo rekòmande chak jou twa (3) oubyen

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

plis vitamin ak mineral.

3. Lòt bwason ki pa gen plis pase karant (40) kalori/uit (8) ons.
- d. Omwen vennsenk pousan (25%) nan bwason ki pa gen lèt dwe dlo epi pa plis pase vennsenk pousan (25%) nan bwason yo ka opsyon san kalori oubyen ki gen ti kantite kalori.

B. Manje ak Ti Goute

Tout manje ak ti goutte ki vann nan lekòl la dwe satisfè kondisyon sa yo:

1. Pa gen plis pase trant-senk pousan (35%) nan total kalori ki soti nan grès.
2. Pa gen plis pase dis pousan (10%) nan total kalori ki soti nan grès satire.
3. Pa gen plis pase trant-senk pousan (35%) sik ajoute selon pwa.
4. Pa gen okenn grès trans ajoute.
5. Se pou li yon pwodwi ki gen "sereyal konplè" kòm prensipal engredyan.
6. Se pou li gen yon rejim alimantè ki baze sou fwi, legim, pwodui letye, oubyen manje ki gen pwoteyin.
7. Se pou li yon manje konbine ki gen omwen ¼ tas fwi ak/oubyen legim.

Ti goutte ki vann separeman ak manje regilye, epi ki apwouve kòm aktivite pou ranmase fon sou lakou lekòl la, soti yon (1) èdtan anvan klas kòmanse jiska yon (1) èdtan apre dènye klas fini, dwe:

1. Pa gen plis pase 200 kalori;
2. Pa gen plis pase 230 mg sodyòm.

Règleman

FONKSYONMAN KOMISYON KONSÈY
LEKÒL LETA
MIAMI-DADE COUNTY

Distrik la ankouraje konsomasyon manje ak bwason ki bon pou sante pandan aktivite ki gen rapò ak lekòl la. Ou ka jwenn ide ak sijesyon sou sit entènèt: <http://nutrition.dadeschools.net>. Sepandan, lè aktivite sa yo fèt omwen yon (1) èdtan apre dènye klas fini, epi gen paran ak lòt adilt ki fè pati odyans lan oubyen ki ap vann manje ak bwason kòm sipòtè pandan poz oubyen imedyatman anvan/oubyen apre evènman an, règ sa yo pa aplike. Kèk egzanp evènman sa yo gen ladan pyès teyat ak konsè okès nan lekòl la.

Manje yo itilize nan pwogram Ar Kilinè ak Fòmasyon pou rezon edikatif pa oblije swiv règ sa yo.

Se administratè lekòl yo ki ap responsab pou mete ann aplikasyon Règleman Byennèt Distri a nan lekòl yo. Si gen moun ki pa respekte règleman sa a, Depatman Operasyon Lekòl pral jere sa nan nivo administratif.

Efektif depi 07.01.2011

Revize 01.18.2012

Revize 09.03.2013

Revize 01.14.2015

Revize 06.22.2016

Revize 08.15.2018

Revize 07.24.2024

Revize 09.10.2025

© Lekòl Leta Miami-Dade County 2025

Referans Legal:

42 U.S.C. 1751 et seq.

42 U.S.C. 1771 et seq.

(Lwa Florid 595.405

(Lwa Florid 595.407

(Lwa Florid 1001.41

(Lwa Florid 1001.42

(Lwa Florid 1001.43

(Lwa Florid 1003.453

(Lwa Florid 1003.455(6)

'F.A.C.' (Kòd Administratif Florid) 6A-7.0411

Dat Adopsyon: 05.11.2011